# Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ «ҚАРАҚАЛПАҚ ДӘСТАНЫ» РОМАНЫНДА ЖАНАПАЙЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

***Юсупова. У***
*Qoraqolpoq davlat universiteti magistranti*

**Аннотация.** Бу мақолада бадиий матнда асосан, Т.Қайыпбергенов асарларида ёрдамчи сөзларнинг қөлланилиши таҳлил қилинган. Уларнинг ҳар хил манолари мисоллар ёрдамида очиб берилган.

**Калит сөзлар**: морфология, лексема, ёрдамчи сөзлар, қөшимчалар, бадиий матн.

**Abstract.** This article analyzes the use of auxiliary words in the literary text, mainly in the works of T. Qayypbergenov. Their different meanings are explained with the help of examples.

**Keywords:**morphology, lexeme, auxiliary words, adverbs, artistic text.

**Аннотация.** В статье анализируется употребление вспомогательных слов в художественном тексте, преимущественно в произведениях Т.Кайыпбергенова. Их различные значения объясняются с помощью примеров.

**Ключовое слова:** морфология, лексема, вспомогательные слова, наречия, художественный текст.

Тилимиздеги жанапай сөзлердиң ҳақыйқый мәниси әсиресе басқа сөзлер менен дизбеклесип келгенде ғана айқынласады. Жанапайлар бәрқулла мәнили сөзлер менен дизбеклесип келеди ҳәм оларға түрли қосымша мәнилерди жүклейди [2.85].

•Биз бул мақаламызда Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» романында жанапайлардың қолланылыў өзгешеликлерин анализлеймиз. Ол өз шығармаларында хәр сөздиң, форманың орынлы ҳәм белгили бир стиллик мақсетте қолланылыўына айрықша дыққат бөлген. Жазыўшының «Қарақалпақ дәстаны» романында жанапайлардың барлық түрлери жумсалған.

•**Сораў жанапайларының қолланылыўы.** Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» романында сораў жанапайларынан *ма-ме, ба-бе, па-пе, ше* ҳәм т.б. жумсалған.

•*Ма-ме, па-пе, ба-бе* жанапайлары атаўыш сөзлерге де, рәўиш жәнe фейил сөзлерге де, модал сөзлерге де дизбеклесип келеди. Гәпте модаллық сораўлық мәнини аңлатады. Шығармада көпшилик жағдайларда бул жанапайлар фейил сөзлерге дизбеклеседи. Мысалы: Түйирли гәпи бар ма?-деди Есенгелди (33-бет). – Әлий енди пәмиң алысты ма?-деп сыбырлады (55-бет). – Келин Мыржық келмеди ме?-деди Әлий (54-бет).

•Шамалаў ямаса болжаў мәнилерин аңлатады. Бундай жағдайларда *ма, ме, ба, бе, па, пе* сораў жанапайлары көбинесе биргелкили баянлаўышлардың дәслепкисиниң де ҳәм соңғысының да изинен қайталанып

қолланылады. Мысалы: Жаслығы себепли ме, я инисиниң насазлығынан ба, шаңырағы демде-ақ орташалар қатарына түсип баратырғаны ушын ба, «Аға бий» ойыны басланғанда, қуўана қуўатлағанлардың бири (339-бет). Бул нақылды екинши рет есикенине ме, ямаса қызды анасының кемситкенине ме, Ерназардың жүрегин от тесип өткендей және қас-қабағы жабылды (418-бет).

•Айырым жағдайларда *ма-ме, ба-бе, па-пе* сораў жанапайлары сөздеги басқа қосымталардың ортасында келеди ҳәм *мы-ми, бы-би, пы-пи* түрине өзгерип жумсалады: Мысалы: –Еситпегенбисең? (333-бет). Мәўлен танымалы болайын деп бетиңди сызғанбысаң? (336-бет).

*Ше* жанапайы да тилимизде өнимли жумсалады. Бул жанапай көпшилик жағдайларда атаў сеплиги формасындағы ҳәм тартымланған атлықлар ҳәм алмасықлар менен бирге дизбеклесип қолланылады. Қарақалпақ тилинде ол сондай-ақ фейилдиң шәрт мейил формаларына ҳәм т.б. дизбеклесип келип, сораўлық мәниде қолланылады. Бул жанапайды айтқанда даўыс толқыны көтериңки айтылады ҳәм оның қатнасыўынан аңласылатуғын сораўлық мәни күшли болып келеди. Шығармада *ше* жанапайы гүманлы сораўлық болжаў мәнисин бериўде қолланылған. Мысалы -Ахун, егер мен сизди хан менен дийдарластырсам ше? (352-бет) – Өзиңиз *ше*? (415-бет). –Бизиң үйдеги Гүлзийба ше? (423-бет).

Шығарма тилинде сораў жанапайларының барлық түрлери ушырасады. Әсиресе *ма, ме, ба, бе, па, пе* жанапайлары жийи қолланылған. Олар сораўлық мәни билдириў менен бирге гүман, болжаўлық мәнилеринде де келген.

**Айырыў-шеклеў ҳәм анықлаў жанапайларының қолланылыўы.** Анықлаў жанапайлары белгили бир сөзди ямаса улыўма гәптеги пикирди анықлап тастыйықлайды, оған исенимди билдиреди. Бундай мәнини билдиретуғын жанапайларға *ғой, дә, аў, нағыз, дәл* жанапайлары киреди. Булардың барлығы шығармада ушырасады.

*Ғой, дә, аў* жанапайлары гәпте билдирилетуғын ой-пикирдиң анық ҳәм исенимли етип берилиўи ушын қолланылады. Көпшилик жағдайларда ол гәптиң ақырындағы сөзге жалғанады. *Ғой* жанапайы анықлық мәнини билдиреди. Мысалы: -Ҳо, антурған, Хийўадағы ырас болды *ғой* (349-бет). Дән көгериўи керек демекшисиз *ғой*? (352-бет). Айдос ишинен «Қонақты Қабыл үйине әкеткен болды *ғой*, шамасы»,-деп дусмаллады да, олардан хештеңе сорамады (52-бет).

*Тек* жанапайы романда сөздиң алдында келип гәп ишиндеги сөзди басқа сөзлерден бөлеклеп, ажыратып ямаса шеклеп көрсетиў ушын жумсалады. Мысалы: Ҳамалды *тек* Хийўа ханы береди (337-бет). Қазының ҳүкимин *тек* Аға бий ғана буза алады (338-бет).

*Ҳәттеки, тәнҳа бир* сөзлери де жанапайлық хызметте келип, өзлери дизбеклескен сөзлерге ажыратыўшы-күшейтиўшилик мәни береди. Мысалы: Жасаўыллар, сизлер усыкәраға Шәрип молланы жеткересиз,

*тәнҳә* өзим жазалайман (349-бет). – Бала Ерназар уллы ханымыздың Сейтмухаммет атлы иниси менен *бир* медреседе оқыған,-деп қосып қойды Артық жасаўыл (341-бет).

**Күшейтиў жанапайларының қолланылыўы.** Бул топардағы жанапайлар гәптеги бир сөздиң ямаса гәптиң улыўма мәнисин күшейтип, оған қосымша мәнилер береди. Бул түрдеги жанапайларға *да-де, дағы, ҳәм, ақ* жанапайлары киреди.

*Да-де* жанапайларының гәптеги орны шекленбеген. Ол гәптиң ортасында сөзлерге дизбеклесип сол сөздиң мәнисин гәп ишинде басқа сөзлерге қарағанда күшейтип көрсетеди. Ал гәптиң ақырындағы, сөзге дизбеклесип келгенинде, гәптиң улыўма мәнисин күшейтеди. Мысалы: Бул сөзге биринши рет шамырқағаны ушын ба, оның абыржыўға түскен кеўли жайлаўға келген соң *да* жубанбады (4-бет).

Шығарма тилинде *да-де* жанапайлары басқа жанапайларға салыстырғанда ең көп қолланылған жанапайлардан болып есапланады. Қарақалпақ тилинде бул жанапайлар гәптиң ортасындағы ҳәм ақырындағы сөзлерге жалғанатуғын болса, шығарма тилинде дерлик көпшилик гәплерде гәптиң ортасындағы сөзлерге дизбеклесип келеди. Мысалы: Қулласы қыйлы-қыйлы пайғамбарлықлар *да* даўылдан кейинги теңиздиң бетиндей тынымсыз шайпатылды (8-бет). Онда мен *де* қалмайман (70-бет).

Шығарма тилинде *да-де* жанапайы гәптиң биргелкили ағзалары менен дизбеклесип келип, олардың мәнилерин күшейтип көрсетеди. Мысалы: *Ханлық халыққа да керек, Айдосқа да керек, бирәдар!*

Айырым мийнетлерде *да-де* жанапайларының сыңары ретинде *та-те* жанапайлары да берилген. Ал кейинги шыққан мийнетлерде «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы» мийнетинде [4.396], А.Бекбергенов [1.117] ҳәм Е.Дәўенов мийнетлеринде [2.93] тек *да-де* жанапайлары ғана көрсетилген.

Ҳақыйқатында да, *та-те* ҳәм *да-де* жанапайлары арасында гәплерде қолланылыўы мәниси жағынан хеш қандай өзгешелик жоқ. Булардағы тийкарғы өзгешелик, тек ғана сеслик тәрепинде болып тур. Пикиримиздиң дәлили ретинде академик А.Дәўлетовтың көмекши сөзлердиң сеслик өзгешелиги ҳаққында айтылған пикирине итибар берсек болады. «*Менен, пенен, бенен, да-де, та-те, ма-ме, ба-бе, па-пе*» көмекши сөзлериниң дәслепки сесиниң ҳәр түрли болыўы даўыссызлар үнлеслигине байланыслы. Үнсиз даўыссыз сеске тамамланған сөзге үнсизден басланатуғын варианты, ал қалған сөзлерге үнли ҳәм сонорлардан басланған вариантлары тиркеседи [3.146]. Демек, *да-де* ҳәм *та-те* жанапайлары арасында хеш қандай мәнилик айырмашылықлар жоқ. Яғный *да-де* ҳәм *та-те* жанапайлары сеслик өзгешеликке ийе болып, гәп ишинде бириниң орнында бири фонетикалық вариант хызметин атқарады. Сонлықтан шығарма тилинде *та-те* жанапайлары да ретли жеринде қолланылғанын көремиз. Олар өзлери байланысып келген сөзге

ямаса улыўма гәпке күшейтиўшилик мәнини жүклеп турады. Мысалы: Мыржық *та* турды *(13-бет).*

Шығармада күшейтиў жанапайларының барлық түрлери де ушырасады. Әсиресе, да, де, ҳәм жанапайының әм қысқарған варианты көп жумсалған. Олар өзлери дизбеклесип келген сөзлерге ҳәр түрли қосымша мәнилерди берип келген.

**Модаллық жанапайларының қолланылыўы.** Модал мәнили жанапайлардың топарын аў, ай, шы/ши, өс, шеш, саңа, са/се, ды/ди, а, ә, о, мыс/мис, мыш/миш ҳәм т.б. көмекши сөзлери қурайды.

*Дә* жанапайы гәптиң ақырында келип айтылған пикирди ямаса ҳәдийсени тастыйықлаўды, оған исенимди күшейтип билдиреди. Мысалы: Теңлес, заманласларыңнан изде қалып көбирек жасағанда, маған усыны айтыўды мақсет еткен екенсең-*дә* (67-бет). – Айттыңдә! Қәдимги суў таласы*дә*! (417-бет).

*Аў, ай, а, ә* жанапайлары ҳәр қыйлы мәнилерди аңлатады: өкиниў, гижиниў, аяў, қыйналыў, қапаланыў мәнилерин билдиреди. Мысалы: Айдостың өзи бол-*ә*!(97-бет). «Биз қосшылыққа үйренген халықпыз»? –деди ғой-*ай*! (97-бет). Ўақ-әй жас өтип баратыр (416-бет).

Шығармада ҳайран қалыў, қызықсыныў, таңланыў, ренжиў мәнилерин билдириў ушын да жумсалған. Мысалы: Сондай бахытлы боламыз ғой-*ә*? Ерназардың өңи өзгерип, он еки мүшесине шеңгел шаншылғандай болып мийи гүўледи: "бийшара қыз сонша сүйеди-*ә*? Не ушын екен-*ә*? (418-бет) –Пай, Сержан дайы-*ай*, жас өтип кетти, болмаса мынаў қыздың аяқларына төсек болсам да, алар едим (414-бет).

*Мыс-мис, мыш-миш, емиш, сымақ* жанапайлары шығарма тилинде көпшилик орынларда гәптиң ақырындағы фейил-баянлаўышларға дизбеклесип келип, олар өзи келген сөз бенен бирге болжаў яки шамалаў, мысқыллаў, кемситиў сыяқлы мәнилерди аңлатады. Мысалы: Ғарға «ғақ, ғақ» етип, өз атын айтармыш (4-бет). Ең ақыллы перзент атадан ярым батпан кем туўылармыш (37-бет).

Шығармада модаллық жанапайлар гәптеги айтылған ўақыяларға, қубылысларға болған ҳәр қыйлы қатнасларды аңлатып келген. Гәптеги айтылған ой-пикирге яки қандай да қубылысларға түрлише модаллық түс енгизген. Мәселен, базы биреўлери гәпте буйрық, мақуллаў ямаса бийкарлаў мәнилерин билдирсе, айырымлары сораў гүман мәнилеринде келген.

Т.Қайыпбергенов шығармаларында жанапайлардың барлық түрлери жумсалған. Жанапайлар айрықша стиллик хызметлерде келмегени менен де, көп мәнилик хызметинен шебер пайдалана алған. Жазыўшы өз шығармалары тилиниң байлығы, көркем шеберлиги менен ҳәзирги қарақалпақ тили лексикалық қурамының раўажланып барыўына үлкен үлес қосты.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиндеги жанапайлардың классификациясы ҳаққында. Өз РИАҚБ «Хабаршысы». Нөкис, 1992, №2. 117-бет.
2. Дәўен улы Ерназар Қарақалпақ тилинде көмекши сөзлер. Нөкис, «Билим», 1994.
3. Dáwletov A. Házirgi qaraqalpaq tiliniń fonetikası. Nókis, 2012
4. Ҳәзирги әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, 1994.
5. Házirgi qaraqalpaq adebiy tili. Nókis, 2010.